



Enskri nan Pwogram Rediksyon Taks sou Lekòl la (School Tax Relief, STAR)

Felisitasyon pou novo kay ou a! Si sa pral rezidans prensipal ou, pran kèk minit pou w enskri nan kredi STAR la.

Novo pwopriyetè ki kalifye yo pral resevwa peman STAR yo nan yon chèk osw ayon depo dirèk k ap sòti dirèkteman bòkote eta New York la.

Men ou dwe enskri nan Depatman Taks Eta New York la pou w resevwa kredi STAR.

Ou kapab enskri 24 sou 24, 7 sou 7 sou www.tax.ny.gov/star.

Pwopriyetè imobilye ki pa gen aksè ak òdinatè yo kapab enskri nan telefòn lè yo rele 518-457-2036 nan jou lasemèn yo sòti 8:30 nan maten rive 4:30 nan apremidi.

Fidbak itilizatè yo sou aplikasyon
Enskripsiyon STAR la:

'Li fasil epi l senp pou itilize.'

*'Li adapte ak itilizatè yo. Li fasil pou
navige etap apre etap.'*

*'Mwen te atann mwen se ap yon
pwosesis long... men se pa t sa
tout bon.'*

Èske ou kalifye pou STAR?

Si w se mèt kay la, li se rezidans prensipal ou epi revni w se \$500,000 oswa mwens, ou ap kalifye pou kredi STAR debaz la.

Epi tou, si ou gen 65 lane pou pi piti pandan w ap antre \$98,700 oswa mwens antanke revni, ou kapab kalifye pou kredi STAR Amelyore a.

Nan premye ane novo kay ou a, ou kapab resevwa egzanpsyon STAR pwopriyetè anvan an. Alavni, toutotan w kalifye, ou pral resevwa yon peman kredi STAR. Ou pa bezwen fè enskri ankò.

Anvan w enskri, ou dwe gen enfòmasyon sa yo disponib:

- non ak nimewo sekirite sosyal pou tout pwopriyetè kay ansanm ak konjwen yo
- non distri eskolè kote rezidans prensipal ou a ye a
- yon anviwon dat pwopriyetè yo te achte pwopriyete a ansanm ak non moun ki te fè lavant yo
- fakti taks ki pi resan an, si ou te resevwa youn
- adrès tout pwopriyete rezidansyèl w genyen nan yon lòt eta
- si ou se pwopriyetè kay la nan kad yon fidisi, non legal fidisi a
- deklarasyon enpo eta oswa federal sou revni pou ane 2022 an pou tout pwopriyetè yo (si w pa t depoze yon deklarasyon revni nan ane 2022, y ap mande w bay enfòmasyon finansye pou tout pwopriyetè imobilye yo)

